

Patemon 2

Ayo Nggatekake!



Wacanen crita ing ngisor iki!

Karna Tandhing

Ing perang Baratayudha, Prabu Karna aben ajeng mengsah Raden Arjuna. Perangipun sami-sami nitih kreta. Kretanipun Prabu Karna dipunkusiri Prabu Salya. Kretanipun Raden Arjuna dipunkusiri Prabu Kresna. Perangipun satria kalih wau rame sanget.

Satria kekalih perang ngginakaken jemparing. Kekalihipun trampil olah jemparing. Prabu Karna nglepasaken jemparing namung kencing sumpingipun Raden Arjuna. Sumpingipun Raden Arjuna dhawah. Raden Arjuna rumaos wirang. Raden Arjuna gentos males njemparing. Prabu Karna kencing topongipun, remuk. Prabu Karna ingkang gentos kewirangan.



Sumber: <http://baratayudha.com>

Nalika Prabu Karna nglepasaken jemparing pusaka Wijayadanu, Prabu Salya kuwatos. Raden Arjuna temtu badhe seda kencing pusaka ampuh punika. Mila, nalika jemparing pusaka Wijayadanu lumepas, kreta titihanipun Prabu Karna dipungenjot dening Prabu Salya. Lampahing Wijayadanu oleng, boten kencing jangganipun namung kencing gelungipun Raden Arjuna. Gelungipun Raden Arjuna udhar.

Raden Arjuna rumaos lingsem. Bathara Narada maringi topong Raden Arjuna. Sareng ngagem topong, Raden Arjuna presis kaliyan Prabu Karna. Mila,

perang punika dipunwastani Karna Tandhing, awit kados-kados ingkang perang punika Prabu Karna mengsah Prabu Karna.

Raden Arjuna badhe males Prabu Karna. Raden Arjuna ngasta jemparing Pasopati. Jemparing Pasopati menika pusaka ingkang ampuh sanget. Jemparing Pasopati kenging jangganipun Prabu Karna. Prabu Karna seda ing paprangan Tegal Kurusetra.



Ayo Nyoba!

1. **Tulisna tegese tembung ing ngisor iki!**

- a. Aben Ajeng
- b. Mengsah
- c. Nitih
- d. Jemparing
- e. Sumping
- f. Topong

3. **Pitakon ing ngisor iki wangsulana nganggo basa krama!**

Tuladha:

Pitakon : Sinten ingkang ngusiri kretanipun Prabu Karna?

Wangsulan : Ingkang ngusiri kretanipun Prabu Karna, Prabu Salya.

- a. Sinten ingkang perang tandhing ing cariyos kasebat?
- b. Kados pundi perangipun satria kekalih wau?
- c. Menapa sebabipun Raden Arjuna rumaos wirang?
- d. Menapa pusakanipun Prabu Karna?
- e. Menapa sebabipun perang kasebat dipunwastani Karna Tandhing?

Wangsulan:

- a.
- b.
- c.
- d.
- e.

4. **Gawea pitakon nganggo basa krama kang wangsulane ukara ngisor iki!**

Tuladha:

Pitakon : Menapa pusakanipun Prabu Karna?

Wangsulan : Pusakanipun Prabu Karna jemparing Wijayadanu

- a. Ingkang ngusiri kretanipun Raden Arjuna, Prabu Kresna.
- b. Prabu Karna kenging topongipun.
- c. Pusakanipun Raden Arjuna jemparing Pasopati.
- d. Kreta titihanipun Prabu Karna dipungenjot dening Prabu Salya.
- e. Prabu Karna seda ing paprangan Tegalkurusetra.

Pitakon:

- a.
- b.
- c.
- d.
- e.

Goleka tegese tembung-tembung iki! Rembugen karo bapak lan ibumu!
Tuladha:

Perang baratayudha tegese perange Pandhawa lan Kurawa.

1. Perang kembang tegese
2. Perang tandhing tegese
3. Perang begal tegese
4. Perang brubuh tegese
5. Perang sampyuh tegese



Ayo, gatekke video iki!



Ayo, jodhokna!

Jamus Kalimasada, Kyai Tunggulnaga (payung)
Yudhistira Puntadewa, Samiaji
Ngamarta Setya lan tresna dhateng sesami, Sabar lan nrima

Asmane :
Dasanamane :
Negara/Kesatriyane :
Watake :
Gaman/ Aji-aji :

Jodhipati Werkudara Bima, Bratasena
Jujur, prasaja, tan mendha saking bebaya
Kuku Pancanaka, Gada Rujakpala, Bandung Bandawasa





Asmane :
 Dasanamane :
 Negara/Kesatriyane :
 Watake :

Gaman/ Aji-aji :

Alus, tansah asih, remen tetulung, pasuryane bagus
 Palimunan, Sepiangin, Pengasih, Asmaragama
 Arjuna Bima, Bratasena Madukara



Asmane :
 Dasanamane :
 Negara/Kesatriyane :
 Watake :

Gaman/ Aji-aji :

Gathotkaca
 Cukat, ora wedi mati, lan trengginas
 nalika ana ing peperangan



Asmane :
 Dasanamane :

Negara/Kesatriyane :
 Watake :

Gaman/ Aji-aji :

Kacanegara, Jabang Tetuka, Bimasiwi, Arimbiatmaja
 Pringgodani
 Kotang antrakesuma, caping basunanda,
 lan tlumpah padhakacerma



Alhamdulillah, pelajaran Basa Jawa wis rampung. Ojo lali buku pepak/kawruh basa jawa kerep diwaca. Basa krama kerep dipraktekke.
 Wong jawa aja ilang jawane.

Ojo lali klik "Finish"